
Plan pou Apatman, Transfè, ak demenajman

LB Johnson Apartments – 17 fevriye, 2010

Sa Nou Konnen:

- ✓ **Tout moun pral afekte:** Plan modènizasyon L.B. Johnson (LBJ) Apartments pral bezwen tout rezidan yo kite apatman LBJ yo ye kounye a pou yon ti tan.

? **Nou toujou ap tann enfòmasyon kote travayè a.**
Nou toujou poko konnen egzakteman pou konbyen tan rezidan yo pral bezwen kite apatman yo oubyen ki zafè rezidan yo ki ap kapab rete nan apatman yo pandan konstriksyon a. Skanska dwe bay rezidan CHA ak LBJ yo rapò avan 3 mas.

- ✓ **Pa genyen pèsòn ki bezwen kite LBJ.** Pa genyen pèsòn ki bezwen kite LBJ Apartments a koz de travay modènizasyon a. Rezidan yo pral bezwen demenaje a yon lòt apatman LBJ lè yo ap fè gwo travay konstriksyon yo nan apatman pa yo a.
- ✓ **Genyen kèk rezidan ki prefere kite LBJ.** CHA konprann ke genyen kèk rezidan, pou diferan rezon, ki prefere kite LBJ Apartments pou evite konstriksyon. Pou reponn a demann sa yo, CHA pral ofri lokatè sa yo swa yon transfè nan yon lòt devlopman CHA oubyen bay yo yon kupon Seksyon 8. Rezidan ki kite LBJ Apartments yo pral genyen chwa pou retounen nan LBJ Apartments lè konstriksyon an fini si yo vle. Si yo pa rete sou plas yo pral bezwen siyen yon nouvo kontra, ak chanje adrès postal.
- ✓ **Travay la pral kontinye etap pa etap ; youn oubyen de pil alafwa.** Travayè a pral travay nan 12 oubyen 24 apatman (selon sa ki disponib), epi pral fini ak tout travay la nèt nan yon apatman avan li remèt li bay CHA.
- ✓ **Rezidan yo kapab retounen nan menm apatman yo te ye an.** Rezidan yo (sof pou sa yo ki ap viv nan apatman yo pral fè vin aksesib a chèz woulant yo) kapab retounen nan apatman yo ye kounye a aprè yo demenaje pou ti tan an. Kèk nan premye demenajman yo kapab oblije dire plis tan pou apatman yo kapab sèvi pou apatman "otèl".

Sepandan, nenpòt rezidan ki ta renmen kontinye genyen yon balkon, yon beynwa, ak/oubyen prefere demenaje de yon stidyo a yon nouvo yon chanm a kouche kapab fè sa paske li kapab vin disponib pandan pwogram modènizasyon a oubyen pandan yon apatman konsa vin disponib apre pwogram modènizasyon a. Rezidan LBJ yo pral genyen priyorite pou plase nan apatman ki disponib yo sou aplike ki ap tann yo jiskaske tou rezidan LBJ yo vin jwenn plas.

Apatman ki Aksesib Pou Moun ki Andikape Kote yo pwopoze kounye a la pou apatman ki aksesib pou moun ki andikape yo se nan pil -03 a.

- ✓ **CHA pral peye frè pou demenajman yo.** CHA pral ofri yon konpayi demenajman, ki pral bay bwat ak materyèl pou pake, epi li pral peye tout frè ki asosye a demenajman an. Moun ki bezwen èd pou pake yo ap jwenn li.
- ✓ **Rezidan yo ap resevwa ase avètisman.** Nou pa pral di rezidan yo pou yo demenaje san avèti. CHA pral enfòmè rezidan yo chak mwa sou pwogrè travay la. Anviwon 60 jou avan travay la sipoze kòmanse nan apatman ou a, CHA pral rankontre avèk ou pou diskite jesyon demenajman an. Anviwon 30 jou avan travay la sipoze kòmanse, CHA pral voye yon avètisman ke bwat pou pake yo disponib, ak diskite chwa ou genyen pou apatman, moun pou ede pou bwote ak dat demenajman an.
- ✓ **Nouvo Kontra.** Rezidan ki prale nan yon lòt devlopman CHA, yon apatman Seksyon 8, oubyen yon nouvo apatman LBJ pou rete nèt pral bezwen siyen yon nouvo kontra. Rezidan ki demenaje de yon apatman LBJ a yon lòt pou yon ti tan yo pral bezwen siyen yon adandòm (kondisyon yo ajoute) nan kontra a ki di ke yo pral respekte regleman kontra a pandan yo ap rete nan apatman tanporè a. Tout rezidan ki abite nan LBJ kòmanse anviwon 1 janvyè 2012 pral bezwen siyen yon adandòm ki ajoute kondisyon yo ki gen rapò a pwogram kredi taks lojman pou moun ki pa fè anpil lajan ki prèske menm jan ak adandòm ke CHA te itilize nan JFK Apartments yo.

Sa Nou Bezwen Konnen:

- ❖ **Kijan demenajman a lòt devlopman CHA oubyen ak yon kupon Seksyon 8 yo pral mache?** Rezidan yo gen dwa di ki devlopman yo prefere. Yo pral bay moun apatman selon preferans yo, etap nan konstriksyon a (pa egzanp, ap vide premye oubyen de pil yo), ak bezwen medikal. CHA pral chèche adapte a jan de preferans sa yo mezi li posib. Paske genyen kèk rezidan ki te di ke yo prefere rete nan menm devlopman an, CHA ap pwopoze ke yo fè yon lotri pou detèmine nan ki lòd yo pral ofri rezidan yo apatman yo.
 - Genyen anviwon 15 rezidan LBJ ki ta renmen demenaje a yon lòt devlopman CHA si li posib, ak 10 rezidan LBJ ta renmen jwenn yon apatman ak yon kupon Seksyon 8 ak chèche apatman pou tèt yo.

-
- ❖ **Kilè pral genyen resous Seksyon 8 disponib pou rezidan LBJ rezidan?** CHA pral genyen resous Seksyon 8 disponib kou genyen yon plan relokasyon ki apwouve. CHA evalye ke sa ap fèt nan mitan oubyen fen mas.
 - ❖ **Kilè demenajman a lòt devlopman CHA yo pral kòmanse?** CHA pral kòmanse ofri yo kou genyen yon plan relokasyon ki apwouve. CHA evalye ke sa ap fèt nan mitan oubyen fen mas.
 - ❖ **Èske CHA pral pèmèt rezidan yo itilize yon lòt opsyon relokasyon ki rezonab ak posib?** CHA dispoze li pou konsidere lòt opsyon relokasyon ki rezonab ak posib ke rezidan LBJ yo vle sijere. Pa egzanp, genyen kèk rezidan ki kapab prefere rete ak fanmi yo pandan peryòd yo bezwen renouvle apatman an tan pou yo ale nan yon lòt apatman LBJ.
 - ❖ **Kijan sa pral mache lè yo mete moun nan apatman "otèl" LBJ tanporè yo?** Rezidan yo gendwa di si yo prefere yon apatman otèl an patikilye nan sa ki disponib yo. Yo pral bay apatman yo selon preferans epi yo ap bay priyorite a rezidan ki vle yon apatman otèl nan menm etaj yo deja ye a, ak sa yo ki genyen bezwen medikal ki dokimante yo.
 - ❖ **Èske rezidan LBJ yo kapab demenaje yon sèl fwa nan yon apatman ki fenk renouvle?** CHA pral fè tout efò pou adapte a jan de preferans sa yo mezi li posib selon plan etap konstriksyon a. Paske se dezi CHA pou bay kantite fanmi posib opòtinite pou demenaje yon sèl fwa nan yon apatman ki renouvle, yo pral pito bay moun ki ap rete nan apatman yo pèmanan pase sa ki ap rete tanporè yo, sof si tout rezidan yo (amwenkse yo genyen pwoblèm pou moun ki andikape jwenn aksè), genyen garanti a dwa pou yo tounen nan apatman orijinal pa yo.
 - ❖ **Kijan rezidan LBJ yo pral jwenn kalite apatman yo bezwen an (tankou: youn ki genyen yon balkon, yon chanm a kouche, ak/oswa yon benywa)?** CHA pral fè tout efò pou adapte a chak preferans sa yo mezi li posib selon plan etap konstriksyon a. Jan nou te note, CHA pral bay moun ki bezwen kay pèmanan yo preferans nenpòt lè posib. Tout rezidan yo pral vin nan kalite apatman yo prefere a, men yo kapab bezwen tann jiskaske yon apatman konsa vin disponib. CHA pral bay rezidan LBJ yo priyorite pou plase yo nan apatman ki disponib yo jiskake yo vin jwenn plas.

? **Nou toujou ap tann enfòmasyon kote achitèk la.**
CHA ap tann rekomandasyon konsiltan achitèk ak aplwaye konstriksyon a pou kote benywa yo pral ye.
Tise Design dwe bay rezidan CHA ak LBJ yo rapò avan 3 mas.

❖ **Kijan apatman otèl yo pral mache?** Kounye a la nou toujou ap tann enfòmasyon nan men travayè a, CHA prevwa ke nou pral itilize premye pil apatman ki fini yo kòm apatman "otèl". CHA pral meble apatman sa yo tankou yon otèl ak kabann, mèb, veso ak dra. CHA pral chanje lòk yo ak fè yon pwofesyonèl netwaye apatman yo apre chak rezidan. Ap genyen yon televizyon ak kab nòm, yon koneksyon entènèt ak yon telefòn ki genyen sèvis lokal.

Kisa ki Pwochen Etap yo:

- 1. Detèmine jan pou fè bouyon plan relokasyon an. Detèmine apwòch: 17 fevriye si posib.**
- 2. Chèche konnen detay nan men travayè a konsènan apwòch a konstriksyon a, ak kantite tan yo prevwa li pral pran pou travay nan chak apatman. Chèche konnen kote achitèk la pwopoze pou benywa yo. Ajoute enfòmasyon sa a nan plan relokasyon a. Dat: 3 mas.**
- 3. CHA ak rezidan LBJ yo pral fè bouyon yon plan sou jan yo pral bay moun apatman, transfere ak demenaje. Dat Tanporè: Premye bouyon avan 23 fevriye ak dènye bouyon avan 16 mas.**
- 4. Nenpòt rezidan ki vle chanje preferans yo pou demenaje yon kote ki pa sou plas oubyen pou yon kupon Seksyon 8 oubyen ki pako fin ranpli Kesyonè a dwe rankontre ak anplwaye Manajman LBJ a pi vit posib.**
- 5. Nou mande rezidan yo yon ti pasyans pandan demach relokasyon a. Yon plan relokasyon dwe fini avan CHA kapab ofri rezidan yo kupon Seksyon 8 oubyen ofri yo yon lòt apatman nan yon lòt devlopman CHA. Tanpri pa kontakte pwogram Seksyon 8 CHA a. Plan relokasyon a dwe apwouve nan mitan oubyen fen mas.**

Kesyon? Tanpri rele Margaret Donnelly Moran nan 617-520-6251 oubyen mmoran@cambridge-housing.org oubyen Allison Lynch nan 617-520-6259 oubyen alynch@cambridge-housing.org